



ETA MASSACHUSETTS
BIWO PWOKIRÈ JENERAL
ONE ASHBURTON PLACE
BOSTON, MASSACHUSETTS 02108

ANDREA JOY CAMPBELL
ATTORNEY GENERAL

(617) 727-2200
www.mass.gov/ago

Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts
Enstriksyon Kont Diskriminasyon

Lwa sou dwa sivil nan Massachusetts pwoteje tout moun nan Eta a pou yo pa fè yo diskriminasyon. Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la pran angajman pou l asire l tout moun viv, travay, aprann e jwe san li pa sibi diskriminasyon nan Eta a. Pi ba a, nou esplike prensipal sitiyasyon kote moun yo jwenn pwoteksyon kont diskriminasyon ak fason yo ka defann dwa yo.

Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts pran bonjan angajman pou l pwoteje ti gwoup moun nan kominote a ki pa menm ras ak pifò lòt moun yo, imigran yo, fi, Lèzbyèn, Omoseksyèl, Biseksyèl, Moun ki Chanje Sèks yo, Moun ki Diferan, ak Lòt Moun Menm Jan an (LGBTQ+), moun ki andikape, moun nan tout relijyon oswa ki pa nan relijyon, ak lòt gwoup moun yo minimize nan kominote a, pou yo pa fè yo diskriminasyon. Lwa nou yo ede pou asire tout moun jwenn menm pwoteksyon an devan lalwa e yo trete yo ak diyite ak respè.

Si w viktim diskriminasyon, ou gen dwa legal pou jwenn èd ak yon seri mezi ke ou ka pran pou anpeche sa. Enstriksyon sa a la pou ba w enfòmasyon jeneral. Si w bezwen èd pou yon sitiyasyon presi, tanpri sèvi ak resous ki nan fen dokiman sa a oswa pran kontak ak yon avoka.

Lwa Sou Dwa Sivil Massachusetts Entèdi...

Diskriminasyon anrapò ak lojman

Ki sa yo entèdi an?

Lwa Massachusetts entèdi pwopriyete lojman oswa bilding ak moun k ap jere yo, koutye, ak ajan imobilye, pou pa fè diskriminasyon kont moun, k ap achte oswa lwe kay, akòz ras yo, koulè yo, orijin nasyonal yo, sèks yo, sèks yo di yo genyen, sèks ki atire yo, relijyon, laj (plis pase 18 an), ansent oswa gen timoun k ap avèk li ou non, si l marye, vèv, selibatè oswa divòse, resevwa lajan oswa èd nan men gouvènman an pou peye lwaye ak sa ki mache avèk li, andikape, oswa si l te nan lame. Gade *Lwa Massachusetts kont diskriminasyon*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 151B.

Ki kalite lojman ki konsène?

Lwa nou genyen kont diskriminasyon an konsène pifò lojman nan Massachusetts. Si yon bilding gen youn oswa de apatman pou lwe e pwopriyete a rete nan youn ladan yo, li pa oblije suiv tout sa ki di nan lwa a, men sa pa ba l dwa pou l fè lòt moun diskriminasyon akòz moun sa a ap resevwa èd nan men gouvènman an pou peye lwaye ak sa ki mache ak li, tankou yon kupon Seksyon 8.

Ki moun ki konsène?

Pwopriyetè lojman oswa bilding, konpayi k ap jere lojman oswa bilding, koutye ak ajan imobilye, ki vann, lwe oswa jere lojman oswa bilding ki konsène yo, entèdi pou fè diskriminasyon nan Massachusetts.

Ki moun lwa a bay pwoteksyon?

Kèlkeswa moun nan Massachusetts ki ap achte oswa lwe lojman ki konsène yo, yo pa ka aji avèk yo ak diskriminasyon.

Mete sou sa...

Lwa Massachusetts la egzije pou pwopriyetè yo elimine plon (oswa redui risk ki gen rapò ak plon) nan yon kay si gen yon timoun ki pi piti pase sizan k ap viv la. Li ilegal pou yon pwopriyetè nan Massachusetts refize lwe oswa mete fanmi ki gen timoun ki pi piti pase sizan deyò nan lojman an pou l ka eseye evite egzijans ki mande pou l elimine plon nan yon apatman. Gade *Lwa Massachusetts sou plon*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 111, §§ 190 & 199A.

Egzanp:

Pwopriyetè lojman oswa bilding, moun k ap jere lojman oswa bilding, koutye, ajan imobilye lojman ki konsène yo, pa kapab:

- ☐ Fè yon anons ki fè konnen ou dwe gen yon revni pou lwe yon apatman
- ☐ Refize yon moun achte yon kay oswa vann li akòz ras moun nan genyen
- ☐ Di yon moun, ki te ka vin yon lokatè, yo deja lwe yon apatman, alòske apatman an disponib, jis paske moun nan gen yon timoun ki gen pi piti pase 6 an
- ☐ Montre yon moun ki te ka vin yon lokatè e ki jwenn èd gouvènman an pou lojman sèlman apatman ki nan kèk katye pwopriyetè yo “aksepte” Seksyon 8 lan
- ☐ Refize bay yon lokatè ki andikape yon lojman ki adapte

Diskriminasyon nan travay

Ki sa yo entèdi an?

Lwa Massachusetts la entèdi pou gen diskriminasyon nan anboche, bay pwomosyon, revoke, bay salè, bay avantaj, fòmasyon, jan yo klase travay moun fè, ak lòt aspè ki gen nan travay, akòz ras, koulè po, relijyon, orijin nasyonal, laj, sèks, ansent, sèks yon moun di li genyen, sèks ki atire l, andikap, enfòmasyon jenetik, zansèt, ak sèvis militè. Gade *Lwa Massachusetts kont diskriminasyon*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 151B.

Ki kalite patwon sa konsène?

Patwon ki gen omwen sis anplwaye pa gen dwa fè diskriminasyon kont anplwaye ak moun ki aplike pou gen travay nan Massachusetts. Epitou tout moun ki pran moun pou travay lakay yo entèdi pou fè diskriminasyon kont moun sa yo.

Ki moun lwa a pwoteje?

Anplwaye, moun k ap travay kay moun, ak moun ki aplike pou jwenn travay nan men patwon ki konsène yo nan Massachusetts gen dwa pou travay yon kote ki san diskriminasyon ak tizonnay.

Metè sou sa...

Lwa Massachusetts entèdi tout patwon pou peye yon anplwaye mwens kòb pase sa yo peye yon anplwaye ki gen yon lòt sèks si yo fè menm travay la. Epitou, yo entèdi pou patwon yo (1) mande yon anplwaye konbyen kòb li t ap touche anvan sa ak (2) entèdi anplwaye yo pou pale sou salè yo. Lwa Massachusetts la egzijè pou patwon ki gen omwen vennsenk anplwaye pou di limit kòb y ap peye pou chak pòs epi fè konn sa, tankou lè y ap poste òf travay yo. Gade *Lwa sou egalite salè nan Massachusetts*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 149, §§ 105A & 105F.

Lwa Massachusetts egzijè pou patwon ki gen omwen sis anplwaye pou bay anplwaye yo omwen uit semèn konje san peye pou nesans oswa adopsyon yon timoun. Pifò nan patwon yo tou dwe respekte Lwa sou konje familyal ak medikal ki peye, ki pèmèt anplwaye yo pran konje, kote yo peye yo, pou rezon sante ak pou pran pran swen moun, tankou lè gen nesans yon timoun. Gade *Lwa Massachusetts pou konje parantal*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 149, § 105D, ak *Lwa Massachusetts sou konje familyal ak medikal ki peye*, Lwa Jeneral (G. L.) chapit 175M.

Lwa Massachusetts egzijè pou patwon yo pran yon seri mezi pou ede fi ki ansent e ki gen tibebe nan tete. Souvan, sa gen ladan l bay tan ak espas pou anplwaye ki gen tibebe nan tete ka fè lèt la monte. Gade *Lwa san paspouki pou travayè ki ansent*, Lwa Jeneral (G. L.) chapit 151B, § 4.

Egzanp:

Patwon ki konsène yo pa kapab:

- ☐ Revoke yon anplwaye akòz ras li, sèks li, sèks ki atire l, oswa yon lòt stat li jwenn pwoteksyon pou li (yo pale de li pi wo a)
- ☐ Refize anboche oswa bay yon anplwaye pwomosyon paske li ansent
- ☐ Pèmèt arasman seksyèl nan espas travay la
- ☐ Pa rive bay yon anplwaye ki andikapè amenajman ki nesèsè pou l rive fè travay li
- ☐ Refize kite yon anplwaye fè yon seri bagay diferan nan travay la akòz relijyon l

Diskriminasyon nan edikasyon

Ki sa yo entèdi an?

Lwa Massachusetts egzijè pou lekòl piblik yo bay tout elèv primè ak segondè menm aksè a, kèlkeswa ras yo, koulè yo, orijin nasyonal yo, stat yo kòm imigran oswa sitwayen, andikap yo, relijyon yo, sèks yo, sèks moun nan di li genyen, oswa sèks ki atire moun nan. Yo pa dwe fè okenn diskriminasyon kont elèv yo lè yo aplike pou yon lekòl oswa lè y ap patisipe nan aktivite, kou oswa pwogram lekòl yo. Gade *Lwa kont diskriminasyon pou elèv nan Massachusetts*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 76, § 5.

Ki lekòl sa konsène?

Tout lekòl piblik (sa gen ladan l lekòl piblik ki endepandan parapò ak distri lekòl lokal la, lekòl elemantè, segondè, pwofesyonèl, lekòl teknik rejyonal ak lekòl “ak egzamen” yo) dwe respekte lwa Massachusetts kont diskriminasyon.

Ki moun lwa a pwoteje?

Yo pwoteje tout elèv lekòl piblik Massachusetts, kèlkeswa nasyonalite yo, kont diskriminasyon.

Mete sou sa...

Lwa Massachusetts entèdi lekòl piblik yo pou anpeche elèv yo patisipe oswa vin nan yon seri aktivite ekstraskolè akòz ras yo, koulè yo, sèks yo, sèks moun di l genyen, relijyon, orijin nasyonal, oswa sèks ki atire yo. Gade 603 Ansanm Règ Massachusetts 26.06.

Lwa Massachusetts entèdi pou elèv yo oswa pèsonel lekòl la bay brimad nan lekòl la oswa pandan aktivite nan lekòl la. Pèsonel lekòl la dwe rapòte tout ka brimad yo te temwen, e lekòl yo dwe mennen ankèt byen vit sou tout plent yo fè pou brimad oswa arasman. Gade *Lwa Massachusetts kont brimad*, Lwa jeneral (G. L.) chapit 71, § 37O.

Lwa Massachusetts egziye pou lekòl piblik yo bay edikasyon spesyal ak tout sèvis ki mache avèk li ki nesè pou pèmèt yon elèv ki andikape gen aksè ak pwogram jeneral lan nan sal klas ki gen lòt elèv ki pa andikape otank posib. Gade Lwa Jeneral (G. L.) chapit 71B ak 603 Ansanm Règ Massachusetts. 28.00

Egzanp:

Lekòl piblik yo pa kapab:

- ☐ Refize enskri elèv ki san papyè yo oswa ki pa gen yon kote fiks yo rete
- ☐ Pa fè suivi pou akizasyon ki fèt paske yon elèv te joure yon lòt elèv plizyè fwa akòz sèks elèv la di l genyen oswa sèks ki atire l
- ☐ Pa bay sèvis edikasyon spesyal ki nesè yo bay yon elèv ki andikape

Diskriminasyon nan espas piblik yo

Ki sa yo entèdi an?

Lwa Massachusetts yo entèdi pou yo fè moun diskriminasyon nan espas piblik yo akòz ras yo, koulè po yo, kwayans relijye yo, orijin nasyonal yo, sèks yo, sèks yon moun di li genyen, sèks ki atire l, li soud, li avèg, oswa kèlkeswa andikap fizik oswa mantal, oswa zansèt li. Gade *Lwa Massachusetts pou espas piblik yo*, Lwa Jeneral (G. L.) chapit 272, § 98.

Ki sa yon espas piblik ye?

Yon espas piblik se kèlkeswa kote piblik lan ka vini san pwoblèm oswa ki akeyi piblik lan an jeneral. Men kèk egzanp konsa konsènan espas piblik: otèl, restoran, ba, teyat, sal konsè, estad, magazen, ajans pou lwe machin, konpayi asirans, sal pou fè lesiv, bank, salon kwafi, ponp gazolin, klinik medikal, lopital, famasi, mezon retrèt, kabinè avoka, kabinè espè kontab, taksi, mize, bibliyotèk, pak, zou, gadri, abri, kote yo bay manje, sal spò, pisin, bowling, ak teren gòlf.

Ki moun lwa a pwoteje?

Lwa nan Massachusetts anpeche yo fè diskriminasyon kont kèlkeswa moun ki eseye antre oswa frekante yon espas piblik.

Mete sou sa...

Lwa Massachusetts la egziye pou yo aksepte nan espas piblik yo chen yo fòm e ki ak kèlkeswa moun ki gen yon andikap fizik pou ka ede yo. Gade *Lwa Massachusetts pou espas piblik yo*, Lwa Jeneral (G. L.) chapit 272, § 98A.

Egzanp:

Espas piblik yo pa kapab:

- ☐ Refize bay yon kliyan sèvis akòz orijin nasyonal li
- ☐ Fè yon kliyan peye plis kòb akòz sèks li
- ☐ Refize akeyi yon kliyan nan yon restoran paske li gen yon chen yo fòm pou ede l

Konpòtman ki anpeche w egzèse dwa w

Ki sa yo entèdi an?

Lwa Massachusetts pa otorize kèlkeswa moun nan pou sèvi ak menas, presyon oswa fòs pou anpeche oswa eseye anpeye yon lòt moun egzèse dwa legal li genyen. Gade *Lwa sou dwa sivil nan Massachusetts ("MCRA")*, Lwa Jeneral (G. L.) Chapit 12, § 11H.

Ki moun lwa a pwoteje?

Tout moun nan Massachusetts jwenn pwoteksyon legal kont moun k ap eseye menase yo, fè yo pè, oswa fòse yo pa sèvi ak dwa yo genyen.

Mete sou sa...

Lwa Massachusetts defini yon krim rayisman kòm tout aksyon kriminel ki motive, omwen an pati, akòz prejije, patipri, maltrete yon moun akòz ras li, relijyon l, li santi l fè pati yon gwoup etnik, andikap li, sèks li, sèks li di l genyen oswa sèks ki atire l. Gade *Lwa Massachusetts sou krim rayisman*, Lwa Jeneral (G. L.) chapit 22C, § 32.

Epitou, lwa Massachusetts bay chak moun dwa pou jwenn bonjan tretman, ki san paspouki, nan men lapolis, sa vle di lè fòs lòd yo ap fè travay yo, yo pa ka mwens ede yon moun akòz ras li, gwoup etnik li, sèks li, sèks li di l genyen, sèks ki atire l, relijyon l, andikap fizik oswa mantal, stati li kòm imigran, oswa nivo sosyal ak ekonomik li oswa nivo pwofesyonèl li. Lapolis pa gen dwa pou l trete moun yon fason ki pa jis oswa sible yo tou senpleman akòz ras yo oswa lòt karakteristik pèsonèl yo genyen. Gade *Lwa Massachusetts sou Standa ak Fòmasyon Ajan Lapè (POST)*, Lwa Jeneral (G. L.) chapit 6E, § 1, ak Lwa Jeneral (G. L.) chapit 90, § 63.

Finalman...

Pifò nan lwa nou yo kont diskriminasyon egzije pou pran yon seri mezi pou ede moun ki andikape yo. Pwopriyete yo, patwon yo, biznis yo ak ajans gouvènman yo gen obligasyon pou pran yon seri mezi pou elimine sa ki ta ka bay yon moun ki andikape pwoblèm. Men kèk egzanp konsènan kèk mezi ki ka pran pou ede yo:

- ☐ Yon pwopriyete retire kapèt la pou yon lokatè ki gen asm
- ☐ Yon patwon ki otorize yon anplwaye, ki suiv yon tretman medikal chak jou nan maten, pou l kòmanse e fin travay pi ta
- ☐ Yon klinik medikal ki prevwa pou gen yon entèprèt an lang siy pou yon randevou ak yon pasyan ki soud

Mete sou sa...

Gen règ debaz ki fasilite moun gen aksè ak lokal yo, donk, nan anpil ka, obstak fizik yo pa ta dwe bay pwoblèm. Pa egzanp, Lwa ameriken sou moun andikape e/oswa Kòd konstriksyon Eta Massachusetts egzije yon seri bagay tankou ranp, pòt ki laj ak pasaj ki pa gen anyen ki bloke yo.

Lwa Massachusetts kont diskriminasyon entèdi zak reprezay. Si w chèche egzèsè yon dwa legal oswa ou fè yon plent kont yon moun paske l vyole dwa legal ou, fè zak reprezay kont ou se bagay lalwa kondane. Men kèk egzanp zak reprezay lalwa kondane:

- Yon pwopriyetè ki tanmen pwosesis pou mete yon lokatè deyò paske l pote plent pou li nan Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon (MCAD) poutèt pwopriyetè a pa vle pran yon seri mezi pou ka ede l
- Yon patwon ki revoke yon anplwaye tousuit apre li fin mande yon konje poutèt li vin paran oswa pou rezon medikal
- Yon pwopriyetè oswa yon patwon ki menase pou l rele otorite federal imigrasyon yo (egzanp, Kontwòl sou imigrasyon ak dwàn (ICE)) paske yon moun te depoze yon plent kont li.

Si w kwè yo te vyole dwa w, gen resous ki disponib pou ou.

- Ou ka fè Biwo pwokirè jeneral Massachusetts la konnen tout pwoblèm ki genyen nan <https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint> oswa lè w rele (617) 963-2917.
- Si sa konsène lojman, travay, edikasyon, oswa espas piblik, ou ka depoze yon plent nan Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon (“MCAD”). Al sou <https://www.mass.gov/how-to/how-to-file-a-complaint-of-discrimination> oswa rele (617) 994-6000 pou jwenn plis enfòmasyon.
- Si w panse yo te vyole dwa pitit ou genyen nan sa ki gen pou wè ak edikasyon, ou ka depoze yon plent tou nan Sistèm pou rezoud pwoblèm ki nan Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè. Al sou <https://www.doe.mass.edu/prs/intake/default.html> oswa rele (781) 338-3700 pou jwenn plis enfòmasyon.
- Pou plent ki gen rapò ak sèvis polis, ou ka kontakte Komisyon lapòs. Al sou <https://policecomplaints.mass.gov/complaint> oswa rele (617) 701-8401 pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Pou w jwenn yon avoka nan zòn ou an oswa pou w wè si w kalifye pou sèvis jiridik ki gratis pou moun ki pa gen gwo revni, tanpri al sou <https://www.mass.gov/info-details/finding-a-lawyer>.

Dènye fwa li revize 19 out 2025